



Pou Piblikasyon Imedya: 27/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LÒT AKSYON POU BAY SOULAJMAN FINANSYE  
POU MOUN NAN LÈS NEW YORK AK REJYON NORTH COUNTRY**

*Depatman Sèvis Finansye Eta New York la mande enstitisyon bankè yo pou yo  
anile frè ATM pou kliyan ak sila yo ki pa kliyan*

*Nou ankouraje Nouyòkè yo rele liy dirèk DFS pou Katastwòf la nan (800) 339-  
1759 pou kesyon ki gen rapò ak asirans*

*Gouvènè a avèti Nouyòkè yo konsènan pri abizif yo pandan ak apre tanpèt istorik  
la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lòt aksyon pou bay Nouyòkè soulajman finansye yo nan rejon Lwès ak North Country apre tanpèt ivè istorik wiken sa a, nan kad efò kontinyèl ak global Eta a ap fè pou fè fas ak tanpèt ivè istorik ki te lakòz devastasyon nan tout eta a. Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la te mande òganizasyon bankè eta a, bank federal yo, ak koperativ kredi k ap travay nan zòn yo pou bay kliyan ki tou pre yo ak sila ki pa kliyan yo sèvis gratis pandan kondisyon vwayaj yo rete danjere.

Pèmèt kliyan jwenn aksè nan sèvis bankè esansyèl yo, menm si yo pa gen yon relasyon ak enstitisyon sa a, sa pral limite bezwen pou vwayaje pandan y ap asire Nouyòkè ki afekte nan tanpèt la kapab jwenn aksè nan sèvis finansye enpòtan yo. Soulajman sa a ka gen ladan anile frè ATM yo, ogmante limit pou retrè lajan kach ATM yo, oswa soulaje restriksyon sou lajan kach chèk moun ki pa kliyan yo.

"N ap itilize tout zouti ki disponib pou nou bay Nouyòkè yo, pwopriyetè kay yo, ak ti biznis yo - kolòn vètebral ekonomi nou an - soulajman pandan tanpèt ivè istorik sa a epi ankouraje moun yo rete lakay yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan n ap tann fen tanpèt sa a, novo konsèy sa a pral asire Nouyòkè yo ka jwenn aksè nan sèvis finansye san danje san yo pa vwayaje nan kondisyon danjere sa yo. Administrasyon mwen an pral kontinye pran mezi pou soulaje fado finansye a sou Nouyòkè yo ki te santi enpak tanpèt trajik sa a".

Depatman Sèvis Finansye a ap emèt pèmi ekspè tanporè pou eskpè asirans endepandan ki kalifye andeyò eta a, pou akselere reklamasyon asirans yo akòz tanpèt

ivè a. Akselere pèmi yo pral ogmante kantite ekspè ki dipsonib pou trete reklamasyon sa yo epi pral ede Nouyòkè yo resevwa peman reklamasyon yo pi rapid. Nou ankouraje asirè yo pou yo fè tout aplikasyon ki nesesè yo sou [sitwèb](#) DFS la.

Akòz gravite tanpèt ivè a ak kantite domaj pou pwopriyetè kay yo ak ti biznis yo, li enpòtan pou endistri asirans lan travay pou jwenn yon rezolisyón jis ak rapid pou tout reklamasyon yo epi bay resous ki nesesè pou fè sa.

**Sirentandan Depatman Sèvis Finansye Eta New York la, Adrienne A. Harris, te deklare**, "Pandan tanpèt san parèy sa a, DFS te pran mezi pou ogmante aksè san danje nan sèvis finansye pou rezidan ak biznis ki afekte yo. N ap kontinye kontwole sitiayson an epi travay nan tèt kole ak enstitisyon reglementante yo, lòt ajans eta yo, ak patnè lokal yo pou sipòte kominote yo pandan moman difisil sa a".

**Sekretè Deta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare**, "Li pa rezonab, pou nou pa di ilegal, pou biznis yo pran avantaj de kliyan yo avèk pri abizif yo apre yo fin frape yo avèk yon tanpèt ivè devastatè epi yo ap eseye dezespereman rekipere yo. Konsomatè yo pa oblige fè sa poukонт yo, se poutèt sa Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a ap mande konsomatè yo pou yo depoze yon plent pou nou kapab konbat aktivite ilegal sa a ansanm".

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te avèti Nouyòkè nan Lwès New York ak North Country pou yo pran prekosyon ak pou yo rapòte pri abizif yo. Gen pri abizif ki fèt lè yon biznis pran avantaj de konsomatè yo pandan yon deklarasyon ijans epi li vann machandiz oswa sèvis esansyèl nan zòn ki afekte a pou yon pri eksesif. Nenpòt Nouyòkè ki wè byen oswa sèvis pou konsomatè gen pri yo ki ogmante twòp ke yo itilize prensipalman pou rezon pèsonèl, fanmi oswa moun nan kay la ta dwe pote yon plent nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York sou sitwèb [Depatman Eta](#) a. Konsomatè yo ka rele Liy Asistans pou Konsomatè yo nan **1-800-697-1220** si yo gen kesyon oswa pou jwenn èd anplis.

#### **"Pri eksesif yon fason derezonab"**

Pandan ke lwa a espesyalman deklare yon "pri eksesif yon fason derezonab" se yon zafè lwa pou yon tribinal deside, yo ka jwenn yon pri "eksesif yon fason derezonab" si:

1. Pri ke vandè a te chaje pandan move tan oswa evènman sante publik la **pi wo anpil pase pri yo te chaje imedyatman anvan** evènman move tan an ke menm vandè a te chaje.  
OSWA
2. Pri a ke yo te chaje pandan move tan an oswa evènman sante publik la **depase anpil pri pou machandiz ak sèvis ki menm oswa similè ke lòt konsomatè nan zòn ki afekte a ka fasilman jwenn.**

#### **Egzanz pri abizif**

**A:** Otèl yo ki nan zòn nan Eta Ijans Gouvènè a anjeneral ofri chanm nan yon ranje pri 79 dola - 159 dola pou yon nwit pandan sezón prentan an. Apre evènman tanpèt la, Otèl X la ki nòmalman ofri chanm pou 119 dola pou yon nwit ogmante pri li yo a 229

dola pou yon nwit. Yon ogmantasyon apeprè 90 poustan nan pri bay Otèl X opòtinite pou pwofi ekstrèm nan sikontans grav.

**B:** Kenkayri lokal la te vann 50lb sak sab pou 25 dola anvan tanpèt la. Gen yon Deklarasyon Eta Ijans Gouvènè a ki antre anvigè. Lak lokal la te kòmanse monte, inondasyon antoure kay yo, epi menm sak sab yo t ap vann kounye a pou 50 dola yon sak, de fwa pri a. Gwo magazen ki nan 16 km distans lan te kontinye ofri sak sab yo pou 25 dola. Otèl X ak kenkayri lokal la sanble ap pratike pri abizif.

### **Repons konsomatè a pri abizif**

Si ou nan yon kominate Eta Dijans Gouvènè a deklare a afekte epi ou wè oswa pèsonèlman fè eksperyans pri abizif, Divizyon an ankouraje w pou rapòte sa lè w depoze yon plent. Lè w ap fè rapò, prepare w pou bay detay sou swadizan pri abizif la pou w enkli lokal komèsan an ak nenpòt prèv ki disponib pou pri eksesif, tankou resi oswa foto. Inite Asistans Konsomatè Divizyon an pral revize plent lan, epi si sa apwopriye, angaje nan medyasyon volontè nan non konsomatè a oswa voye plent lan bay Biwo Pwokirè Jeneral la pou kòmanse yon aksyon ranfòsman. Nan nenpòt ka, Divizyon an ap kenbe konsomatè a enfòme sou tout mezi yo pran pou yo.

Rezidan yo ka jwenn asistans tou avèk kesyon sou sèvis finansye, ki gen ladan enfòmasyon sou asirans konsènan kouvèti polis pou pèt lè yo rele Liy Dirèk nan ka katastwòf Depatman Sèvis Fiansnye a nan 800-339-1759, chak jou, 8:30 am pou 4:30 p.m. epi lè yo antre sou sitwèb Depatman an nan [dfs.ny.gov](http://dfs.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418